*Ассаламу гІалайкум, квербакъайги!*

gcharada@mail.ru

# ЧІАРАДА

ЧАРАДА

ЧІАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА
№ 24 (7394) РУЗМАН 14 июнь 2024 сон
12+

РОССИЯЛЪУЛ КЪО КІОДО ГЬАБУЛАГО

## Районалъул бетІерасул барки




***Хириял чІарадисел, хІурматиял ракьцоял!***

*РакІ-ракІалъ баркула нужеда пачалихъалъул бищун кІвар бугел байрамазул цояб – Россиялъул къо!*

*Гьеб къо буго жиндир кІудияб ва бечедаб тарихги бугеб, нилъее къуват кьолел кІудиял ресалги ракьалги ругеб ВатІаналъул – Россиялъул къо. Нилъер пачалихъ буго гІемерал наслабазул гІелаз гІуцІараб, кІочонарел бергьенлъаби росараб, халкъазул гъункиялда цогидал рухІдаллъулеб, киналгІаги къватІисел тушбабазде данде чІун жакъаги гьеб бихьизабулеб.*

*Нилъер ракьалда бищун лъикІал ватІаналъул бахІарзал гІуна ва хІалтІана гьабсагІат нилъер гІумру лъикІлъизабизе. Жакъа къоялъги нилъеда бихьулеб буго гьеб халкъазул гьудуллъиялъги гъункиялъги гІуцІараб къуват.*

*Гьаризе бокьун буго киназулго мурадал тІурай, щулияб сахлъи, хъизан буцІцІун хутІи ва ракълилаб зоб. СВОялда ругел нилъер гІолохъабазе хехаб бергьенлъиги сах-саламатго рокъоре руссинги.*

*Нилъер гІаммаб Россия букІа абе киназего талихІаб ва щулияб кьучІ бугеб рукъалъун.*

***ХІурматгун, «ЧІарада район» МОялъул бетІер МухІидин МУХІАМАДОВ***

## Райадминистрациялда байрам кІодо гьабуна

Берцинго байрамалде хІадурараб ЧІарада районалъул администрациялъул азбаралда тІобитІана Россиялъул къо кІодо гьабун киналго идарабазул хІалтІухъабиги гьалбалги данделъараб байрам.



Россиялъул гимн ахІулаго байрахъги борхараб лахІзаталда хадув данделъаразда цеве кІалъазе вахъана районалъул бетІер МухІидин МухІамадов.

«Гучаб ва тІегьалеб гьаб жакъа нилъер бугеб ВатІан цІунана ва нилъехъе кьуна нилъер умумуз. Нилъер аслияб борчги буго ишаздалъун умумуз гІуцІарабги цІунизе, цІиябги гьабизе. ВатІаналъул ва гьеб цІуниялъул бицунаго нилъеда ракІалде щола умумузул нухда жакъаги ВатІаналъул тІалабалда СВОялда ругел гІолохъаби. Гьел къеркьолел руго нилъер эркенлъиги цебетІейги цІунизе. РакІ-ракІалъ баркула нужеда гьаб кІвар бугеб байрам – Россиялъул къо! Гьарула ракьалда кидаго рекъел. ЦІунаги нилъ АллагІас рагъаздасаги балагьаздасаги», – ян абуна МухІидин МухІамадовас.



Данделъи нухда бачуней, маданияталъул мустахІикъай хІалтІухъан, Рашидат ГІалиасхІабовалъ тІаде жубана: «Гьаб ракълилабгун рахІмуялъул байрамалъ борхулеб буго гІемермиллатазулаб халкъалъул цолъи. Байрам нахъа гІуцІараб бугониги, гьеб жив Россиялъулавлъун рикІкІунев инсанасул рекІелъ лъугьана. 1999 соналъул 12 июналда къабул гьабураб Декларация лъугьана цІилъараб ва батІияб Россиялъул гІаламатлъун, демократияб жамгІият гІуцІулеблъун. Россия – гьеб буго нилъер рукъ, нилъ гьарураб ва гІураб», – ян загьир гьабуна гьелъ байрамги баркун.

Байрам ракІалдаса унареблъун хутІана 14 сон тІубарал, байрамалда паспортал кьурал гІолилазе. ГІумруялъулъ гьеб кІочонареб лахІзатги баркун гІолилазе паспортал кьолаго муниципалитеталъул нухмалъулес гьаруна лъикІал насихІатал.

Байрамалда ЦІуриб школалъул цІалдохъабаз рикІкІана кучІдул ва гІуцІун букІана лъималазул квердул махщалилаб выставка.

## Рагъухъанасул эбелалъухъе ва лъимал гІемерал хъизаналъухъе гьоболлъухъ щвана

Россиялъул къо кІодо гьабиялъе ва Владимир Путиница ТІолгороссиялъул «ГІагарал ва рокьулел» форумалда байбихьи лъазабураб Хъизаналъул соналда хурхун тІоритІулел тадбиразул мурадалда администрациялъул вакилзаби ва руччабазул советалъул председатель раккизе щвана Арчиб росулъа ЖабрагІил ва Руманият Шамхаловазухъе. Гьез гІезубулеб буго 13 лъимер.

РахІатаб накъиталда, хъизаналъул яшав, рукІа-рахьинги лъазабун хадуб гьалбаз Шамхаловазе сайгъатал кьуна.





Гьединго районалъул бетІерасул заместитель МухІамад ГІумаровасул бетІерлъиялда районалъул вакилзаби щвана СВОялъул гІахьалчи, Алчуниб росулъа Бегмирза МохІоевасул эбелалъухъе.

Гьалбаз Россиялъул къоги баркун реццалъе мустахІикъав вас гІезавуралъухъ баркалаги загьир гьабун, эбелалъе сайгъатал кьуна.

«Унго-унгояв бахІарчи вахъинавун вуго дуца, гьабсагІат гІемерисезулъ гІоларел киназго реццарал тІабигІаталги куцан», – ян абуна МухІамад ГІумаровас Бегмирзае рахьиги балаго.

Жиндир иргаялда эбелалъги ургъел бикьана гьалбадерие: «Дидаса балъго гьабун ана вас СВОялде. Авалалда гьес контракт хъвараблъиги лъалароан, цогидаз гьосул хьулухъалъул хІакъалъулъ гьикъичІого. БитІун бицани, хІинкъунги йикІана, я макьу, я рахІат дие букІинчІо, кидаго гьесул ургъелалъ йикІунаан. АльхІамдулиллагь, сах-саламат вуго», – ян бицана гьелъ.

Дагъаб цебе районалъул бетІерасул цІаралда «Каспий» жидеего бокьун арал батальоналъул командованиялдаса Бермирзал бицун Баркалаялъул кагъатги щун букІана.

ИХДАЛИЛАБ ПРИЗЫВ

# Призывалъулаб комиссиялъул данделъи

Ункъабилеб июналда райадминистрациялъул заседаниязул залалда районалъул бетIер МухIидин МухIамадовасул нухмалъиялдалъун тIобитIана призывалъулаб комиссиялъул данделъи.




Гьенир гIахьаллъана районалъул рагъулав комиссар МухIамад МухIамадов, росабазул поселениязул бутIрул, ихтиярал цIуниялъул хIалтIухъаби, ВУСалъул специалистал.

Данделъи байбихьана МухIидин МухIамадовас жидеего бокьун хъулухъ гьабизе рачIараздаса гIуцIараб «Каспий» батальоналъул командирас районалъул бетIерасул цIаралда контрактник Бегмирза МохIоевасул хIакъалъулъ бачIараб баркалаялъул кагъат цIалиялдалъун. Гьес тIадеги жубана Бегмирзал хIакъалъулъ рачIарал гIемерал лъикIал харбазул ва гьелдаса нилъее бугеб чIухIиялъул.

Хадуб рагъулав комиссарас цере лъуна гIагараб заманалда тIуразе ругел масъалаби ва цо-цо росабазул поселениязул бутIруз призывалда сверухъ суалалъулъ гьабулеб хIалтIи гIей гьечIеблъун рикIкIана. ВУСалъул хIалтIухъабазул иш бугила гIолохъабазда ва умумузда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе, армиялде ахIулев гIолохъанчи вугеб бакI лъазе – гьабулеб хIалтIи цо-цо поселениязда щвалде щвараб гьечIилан тIаде жубана комиссарас.



Муниципалитеталъул нухмалъулес поселениязул бутIрузул хал буссинабуна рагъулаб комиссариатгун, ихтиярал цIуниялъул идарагун ва цогидалги жавабиял хIалтIухъабигун цадахъ рекьон ихдалилаб призывалъулаб кампания лъикIго гIуцIиялда тIад хIалтIизе кквелде.

«Нилъеда цере лъурал чIванкъотIарал масъалаби ругелъул рагъулаб комиссариаталъе гIолилал армиялде ахIиялъулъ кквербакъи гьабизе. Гьединлъидал гьелъие киналго квегIенлъаби ва гIунгутIаби лъазаризе ккела. Щивав призывникгун кIалъазе ккела, гьев вугеб бакI лъазе ккела. Гьеб нилъеда тIадабги буго ва жавабчиго гьеб суал тIубазабизе ккела», – ян абуна гьес поселениязул бутIруздехун ва призывалъулаб комиссиялъул хIалтIухъабазда.

Гьоркьор лъурал суалазда хурхун жидерго пикраби загьир гьаруна гIодор чIаразги.

Хадуб заседаниялда борхана контракт хъвазе гьира базабиялъулги суал ва бицана гьеб хъваразе чIезарун ругел материалиял ва социалиял шартIал.

«ХIалица щивниги витIуларо, амма нилъеда тIадаб буго халкъалда бугеб хIал бичIчIизабизе. Срочнияб хъулухъалъул бицани, цониги аскарияв витIизе гьечIо СВОялде. Рагъулаб хъулухъалде гIадамал ахIи буго пачалихъалъул кIвар бугеб масъала, гьеб борхатаб даражаялда тIубазабизеги ккола», – ян тIаде жубана районалъул бетIерас данделъиялъул ахиралда.

# Армиялде цоги къокъа ана




ЧIарада районалдаса гIолилазул цоги къокъа тIобитIана МахIачхъалаялде республикаялъул призывалъулаб пунктaлде.

Гьениса нухда регIарал гIолохъаби цIидасан медицинаялъулаб комиссияги гьабун, ритIила хъулухъ гьабулеб бакIалде.

РитIилалде цебе районалъул военкоматалда лъималазда солдатазул гIумруялъулги низамалъулги бицана.

«Гьарула нилъер гIолохъабазе рагъулал частазда лъикIаб, пайдаяб лъай ва куцайги щун къадруго рокъоре руссине», – ян абуна военком МухIамад МухIамадовас.

Гьес тIадеги жубана, гьел гIолохъабаз Россиялъул гIурхъи бахун къватIиб хъулухъ гьабизе гьечIилан.

БАХIАРЧИЯБ ХЪУЛУХЪ

# Баркалаялъул кагъат



ЧIарада районалъул бетIер МухIидин МухIамадовасул цIаралда контрактник Бегмирза МохIоевасул лъикIаб хъулухъалъухъ ВатIан бокьулеб тарбия кьуралъухъ Баркалаялъул кагъат бачIана жидеего бокьун хъулухъ гьабизе рачIараздаса гIуцIараб «Каспий» батальоналъул командованиялъул рахъалдаса.

«ГьабсагIаталда жиндиего бокьун арав Бегмирза МохIоевас «Каспий» батальоналъулъ ракIбацIцIадго ва къадруго СВОялъул тIад къарал масъалабиги тIуралаго хъулухъ гьабулеб буго Луганск ва Донецк халкъиял республикабазда. 2024 соналъул январалдаса нахъе СВОялъулъ гIахьаллъи гьабулаго МохIоевас жиндирго рухIалда ва черхалда барахщичIого ВатIаналъе гIоло тIуразаруна чанги батIи-батIиял тIадкъаял. Чанго гьужум гьабулагоги тушман нахъ чIвалагоги махщалида бачана жинца нухмалъи гьабулеб рота. ЦоцIул гуро гьес рагъул мухъидаса лукъарал гьалмагъзаби нахъе рачине санагIат гьабураб. Хъулухъ гьабулебгIан заманалъ рагъул бищун захIматал бакIазде кколаан. Чанго нухалъ лъукьаниги тIад къарал масъалаби тIуразаричIого течIо. БахIарчияб хъулухъалъухъ чанцIулго мустахIикълъана Дагъистан республикаялъул рахъалдаса батIи-батIиял шапакъатазе, гьанже вихьизавун вуго БахIарчилъиялъул Орден кьеялъе. РакIчIун абизе бегьула Арчиб росуги, ЧIарада районги Дагъистанги, бихьизабулев МохIоев жиндир халкъалъул бищун лъикIазда гьоркьосе вуго», – ян хъвалеб буго кагътида «Каспий» батальоналъул командир В.Д. Наумочкиница.

«Гьединал лъикIал харбаз хIакъикъаталдаги чIухIи бижизабула нилъер гIолохъабазул рахъалъ. КIудияб баркала кьола ВатIаналъе хъулухъ гьабулел гIолохъабазул умумузе», – ян абуна МухIидин МухIамадовас.

ЭКОДЕКАДАЛЪУЛ АКЦИЯ

# РакIалде щвеялъулаб ах



ЦIуриб тIадеги лъай кьеялъул централъул цIалдохъабазги гIахьаллъи гьабуна марталдаса июналде щвезегIан унеб, КIудияб Бергьенлъиялъул хIурматалда гьабулеб, тIолгороссиялъул «РакIалде щвеялъулаб ах» акциялда, гьединго Дагъистаналда лъазабураб экодекадаялъулъги.

ЦДОДялъул директор ШугIайнат МухIамадовалъул рагIабазда рекьон, КIудияб ВатIанияб рагъда ва СВОялда хварал рагъухъабазул хIурматалда 27 миллион гьветI чIезе мурадлъун тIобитIулеб «РакIалде щвеялъулаб ах» акция – гьеб буго цо лъикIаб гIадаталъул байбихьи. Гьелъ ниж ахIулел руго къвакIарал васазул бахIарчиял ишал рекIеда цIунизе.

«Ракълилаб зоб нилъеда тIад цIунизе гIумру кьурал ракIалде щваеялъул рахъалъ гьабулебщинаб хIалтIулъ гIахьаллъи гьабизе нилъеда тIадаб буго», – ян тIаде жубана гьелъ.

ПРОФЕССИОНАЛИЯБ КЪОЯЛДЕ

# Социалиял хIалтIухъабазда барки




ХIурматиял социалияб рахъалъул хIалтIухъаби ва ветеранал!

Къабул гьабе нижер рахъалдаса нужер махщалилаб къоялда хурхун гьабулеб барки.

Нужер гъуждузда тIад буго хIукуматалъ тIалаб гьабизе ккарал гIадамаздехун жавабияб хIалтIи. ХIалтIул ахIиялдалъун нужеца кумек гьабулеб буго сахлъиялъул рахъалъ санагIат гьечIезе, чиякъо хутIарал лъималазе, гIумруялъул захIматаб хIалалде ккаразе, ветераназе ва гIумру арал гIадамазе.

Гьаб нужер байрам къоялъ дица баркала загьир гьабула тIолалго ветераназе ва гьединго гьабсагIат районалда хIалтIулел ругел социалиял хIалтIухъабазе гьез гьабулеб тIалабияб, жиндилъ гIадамазул ракI батизабулеб хIалтIухъ.

РакI-ракIалъ гьарула нужее сахлъи, баракатаб хъулухъалъуль икъбал, кIудияб сабру ва районалъул гIадамазе гIоло гьабулеб хIалтIулъ таваккал.

Нужеца тIалаб гьабунщиназул лъикIаб, рекIел асарги, хинаб гьимиги, баркалаги букIа абе нужер хIалтIухъ шапакъатлъун.

*ХIурматгун,*
*«ЧIарада район» МОялъул бетIер*
*МухIидин МУХIАМАДОВ*

# РахIмуяб хIалтIи

Микъабилеб июналда жидерго махщалилаб, бищунго рахIму цIикIкIарал хъулухъазда гьоркьоса жиб бугеб, къо кIодо гьабула социалиял хIалтIухъабаз.

ва кванил нигIматал росизе, рукъ бакIаризе, квен гьабизе, коммуналиял хъулухъазул хIакъ бихьи ва цогидалги рукIа-рахъиналъул шартIал тIуразари. Дица рикIкIуна




Гьеб къоялде районалда бугеб социалияб хъулухъалъул централъул хIалтIухъабаз сапар бухьана жидер къайимлъиялда ругел гIадамазе социалиябгун медикияб ва рукIа-рахъиналъулаб кумек гьабизе мурадалда.

Гьаб нухалда цIикIкIараб гIумруялъул гIадамазул ва инвалидазул рокъобе щун гьабулеб социалияб хъулухъ тIубазабиялъул хIалтIухъан Сакинат ГIумарова щвана жиндир тIалабалда ругезухъе гьединго ЦIуриб росулъа I группаялъул инвалид, ветеран, 90 сон бугев Рамазан МухIамадовасухъе.

Гьадинал тадбирал нижеца гIемерал гьарулилан абуна Сакинатица.

«Социалиял хIалтIухъабазул къо бигьаяб букIунаро. Нижеда тIадаб буго дараби нижер тIалабалда ругезе гьабураб кумекалдаса цIикIкIун гIадатияб гара-чIвари, рахIмуяб бербалагьи, лъикIаб рагIудалъун хIалхьезаби цебе чIолеб бугин», – ян бицана Сакинатица.

Социалиял хIалтIухъабазул рахъалъ гIемерал лъикIал рагIаби ва баркала загьир гьабуна Рамазан МухIамадовасги.

«Сакинат йиго рахIмуяй, ритIухъай, хIалае ятулей гIадан. Гьелъ кидаго жинда тIадаб иш жиндир заманалда гьабула. Бокьараб мехалъ ятула гьей, хIатта гIодобкъоялъцин дир тIалаб гIодоб толаро. Дир рахъалъ кIудияб баркала буго Сакинатиеги дун гIадиназе кумек гьабулел социалияб хъулухъалъул тIолалго хIалтIухъабазеги», – ян лъикIал рагIабалдалъун кIалъана Рамазан МухIамадов.

КЪАДРУЯЛ ГIАДАМАЛ

# ЩIулда росдал тарих

Замана хисарабгIан, яшав цебетIурабгIан кIочон толеб буго росабазул цебесеб гIумру, тарих. ЩIулда росдал цIар бачIанин бицуна гьеб цIул дагьаб, гIагарда рохь гьечIеб бакIалда бан букIиналъ. Хабалалъ занازда ругел хъвай-хъвагIаязда рекъон росу бан буго XII-XIII гIасрабазда, гьенир руго христианазул хобалги.

ГодекIаниб буго доб заманалда букIараб ракьуда гъоркь гьабураб туснахъ-рукъ. Гьеб букIун буго росулъ гIадлу-низам хвезабурав чи ккани подвалалда нуцIаги да рагьана 7 сонилаб школа, 1952 соналдаса нахъе 1966 абилеб соналде щвезегIан директорлъун хIалтIана Сугъралъ росулъа Захралов ТIагьир. ГIакълу-лъай бугев чи вукIана ТIагьир. Гьесул жигаралдалъун бана тIасияб школа гьанжесеб медресе бугеб бакIалда. 1960 соналда рагьана микьго сонилаб школа. 1966 соналдаса нахъе 1975 соналде щвезегIан директорлъун хIалтIана ГIабдурахIманов МухIамад, гьев вукIана къадру-къимат бугев нухмалъулев. 1975 соналдаса нахъе 2008 соналде щвезегIан директорлъун хIалтIана ХIусбудинов Шарапудин. Гьесул жигаралдалъун бана гъоркьияб (гьанжесеб) школа. Гьес цIикIкIараб кIвар кьуна школалда берзулаб алат букIинабиялде. 2008 соналдаса нахъе хIалтIулев вуго ХIандулаев Арслан. 40-ялдаса цIикIкIарал соназда школалда хIалтIарал учительзаби: Разакъов М.ТI, ГIабдурахIманов М., Шигьабудинов ТI., ХIусбудинов Ш., ГIумаров ХI., ГIалиева П., НасухIова Н., ИсмагIилова П., ГIумарова П., Шигьабудинов А., МухIамадов ХI., ХIажиев М.



къан 2-3 сордо-къоялъ жанив тIамулеб бакI.

ЩIулда росулъ 1934-1935 соназда гIуцIана захIматчагIазул комитет, хадуб захIматчагIазул цолъи. 1936 соналда гIуцIараб буго Чапаевасул цIаралда бугеб колхоз. ТIоцеве колхозалъул председательлъун вукIана Мусаев ГиралхIажи. Хадув 1938 соналда председательлъун вукIана МухIамадов МухIамадрасул. Гьеб заманалда колхозалъул букIана 600 гIиялъажо ва 40 чIегIер хIайван.

Росдал советалъул председательлъун йикIана Гирал ПатIимат. Гьеб захIматаб заманалда «МачIуб» абулеб колохъ бана 60 хIайваналъе ферма, 1941 соналда «Гъогъода» абулеб колохъ бана чIегIербоцIуе ферма. 1929 абилеб соналда рагьана байбихьул школа тIоцебе гьеб букIана ТIихIмаев ХIажиясул рокъоб, гьелдаса хадуб «ГIуритIа» абулеб бакIалда бана школа. ТIоцересел мугIалимзабилъун рукIана: Гьочоса СагIдуев ГIабдула, Ругъжаса ГIисаев ГIабдула, Лъалухъа ХIажилав ХIажи, Кьорошиса Халикъов МухIамад, ЩIулдаса Салманов М., Салманов ХI., Тинав ГIумар, Разакъов МухIамадтIагьир, ИсмагIилов МухIамад. 1950 соналда

КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъана 65 чи. Нахъ руссана 33 чи. ЩIулда росулъа рукIана БагIараб Армиялъул рагъухъаби офицерал – 10. КIи-кIи вас рагъде ритIана 11 эбелалъ. ЩIулда росдал жамагIаталъ обороналъул фондалде битIана: 2 буртина, 15 жут хьитазул, 15 гIиялъажо, 1500 гъурущ гIарац, 20 кг хIан, 35 кг нах, 10 жут квердахелазул, коммунист ХIайдаров МухIамадтIилас кьуна обороналъул фондалъе цо гIака. ЩIулда росулъа руго цIар рагIарал спортсменалги. ГIумаров АрсланггIали ккола СССРалъул спорталъул мастер, гьесул жигаралдалъун бана МахIачхъалаялда спорталъул комплекс, гьев ккола боксалъул тренер. ХIажиев ХIабиб ккола кикбоксингалъул рахъалъ 3 нухалъ дунялалъул чемпион. ИсмагIилов ГIабдул СССРалъул спорталъул мастер, Нажмудинов М., ШагIалов ХI. ккола Российялъул чемпионал.

ЩIулда росулъ руго жидее пачалихъалъул шапакъатал щварал учительзаби: Ш. ХIусбудинов – «Халкъияв учитель», «СССРалъул лъай кьеялъул отличник», «ДРялъул мустахIикъав учитель», ХI. ГIумаров – «ДРялъул мустахIикъав учитель», «РФялъул лъай кьеялъул отличник», «РФялъул лъай кьеялъул мустахIикъав хIалтIухъан», С. МухIамадова – «ДРялъул мустахIикъай мугIалим», П. ИсмагIилова «ДРялъул мустахIикъай учительница», П. ГIумаров – «ДРялъул лъай кьеялъул отличник».

Медицинаялъул гIелмабазул кандидат А. ГIизудинов, экономикиял гIелмабазул кандидат М. Разакъов, доктор технических наук А. Разакъов, росдал магIишаталъул гIелмабазул кандидат А. ХIандулаева, ДРялъул бакIал раялъул мустахIикъав хIалтIухъан ГI. М. МухIамадов. ЩIулда росулъа къадал ва цIулал устарзаби А. Зуберов, К. ГIумаров, М. ТIинмухIамадов, М. МухIамадов, СагIитмухIамад, гьединго рукIун руго ганчIида накъищал гьарулел устарзабиги. МухIамадтIагьир къарахъа вукIана цIар рагIарав гIалимчи гIакълу-гьунар бугев инсан, гьев вукIана Шамил Имамасул секретарь, гьесул квералъ хьвараб буго 10 тIехь гIараб мацIалда. Шамилица гьесие кьуна сайгъаталъе ханжар, гьанжеги гьеб цIунун буго МухIамадтIагьирил музеялда.

Росулъ буго аслияб школа, ясли-ах, клуб, библиотека, медпункт.

*ХI. ГIУМАРОВ*

# ХIурия Кантулова



ЧIарада районалда къолъикI гъабуна ДАССРалъул маданияталъул мустахIикъай хIалтIухъан **ХIурия Кантуловалъулгун.**

Халкъиял кучIдузул кочIохъан гъаюна 1928 соналъул 10 маялда. Кьорош школалда лъабабилеб классалда цIалулаго ХIуриял кочIолаб гьунар бихьун, гьей ячунаан батIи-батIиял художествениял цецерахъиназде. Колхозалда хIалтIулел эбел-инсуе кумек хIажалъун гьелъ анлъго классги лъугIун школа тезе ккана. КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда хIалтIана колхозалда бригадирлъун.

ХIурияца кечI киданиги течIо. Халкъияб кочIолаб маданият цебетIезабулаго гьей сценаялда йикIана 50-гIан соналъ. 1957-1960 соназда хIалтIана радиокомитеталда. Ункъоялда анцIабилел соназде щвезегIан хIалтIана цее методистлъун, хадуй художественияй нухмалъулейлъун районалъул маданияталъул отделалда.

1969 соналъ Кантуловазул хъизаналъул ансамблялъ республикаялъул конкурсалда тIоцебесеб бакI ккуна. ХIурия ахIулаан республикаялда ва къватIирехун тIоритIулел гIемерал цIар рагIарал хъвадарухъаби, артистал, гьединго Расул ХIамзатов ахIарал фестивалазда гIахьаллъи гьабизе.

Маданият цебетIеялъе кIудияб бутIа лъуралъухъ ХIурия Кантулова мустахIикълъана обком КПССалъул гIемерал хIурматиял грамотабазе ва батIи-батIиял конкурсазда гIахьаллъиялъухъ дипломазе. Тылалъул хIалтIухъан хIисабалда гьелъие хIукуматалъул бетIерасул рахъалдаса юбилеялъулал медалалги щвана.

Ракьцоязда ХIурия лъалаан лъикIай юкъарухъан хIисабалдаги. Гьелъ рукъулаан юргъанал, ургал, рессулаан халичаби, гьединго жиндир махщелалъе куцалаан цогидал руччабиги.

Жиндирго бетIергьанчи, КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи, МухIамад Кантуловасгун цадахъ ХIурияца гIезабунаункъо лъимер.

Районалъул нухмалъиялъул, депутатазул корпусалъул ва тIолалго ракьцоязул рахъалдаса гьваридаб зигара балеб буго ХIуриял гIагарлъуда. Гьелъул тIокIаб гьунар, недегьаб калам кидаго хутIила халкъияб кочIол къимат гьабулезул ракIазулъ.

# Что грозит за призыв и участие в несанкционированных митингах?







Митинги, демонстрации, шествия, пикетирования проводятся только на основании соответствующего разрешения органа власти. Незапланированный массовый сбор людей создает угрозу жизни и здоровью граждан и запрещен законом.

За участие в несанкционированном митинге и призывы к ним предусмотрена административная и уголовная ответственность.

ХЪИЗАНАЛЪУЛ СОН

# Росдал насихIатчи

*Рорхатал мугIрузда руго гIадамал*
*Жидерго гIадатаб чIагольиялда:*
*Жидерго чIухIигун, жидерго яхIгун,*
*Жидеего хассаб къасдгун, гIакълугун.*
*Институтал цIалун лъугIичIониги*
*ЦIвабзазул мацI лъала гьезул щивасда.*
*МаркIачIул гIужалда чвахулел гIораз*
*Малъулеб гIакълудахъ гIенеккула гьел.*
*Херал магIарулал, гьез абиларо,*
*Амма бер чIварабго, квер босилелде,*
*Гьезда киназдаго камилго лъала*
*КигIан багьа бугеб щивав чиясда.*

***РагIаби ГIабдула ДАГАНОВАСУЛ***



МагIарухъ гIемерал руго гIакълуги камилал, гIумруялъул хIалбихьиги бугел, цогидазе мисалияб къагIидаялда гIумруги гьабурал гIадамал. Гьединаздаса цояв ккола Доронуб росулъа ГIумар ГIумарасхIабов. ГIумруялъул сонал 90-алде раханиги лъикIаб чIагольиялда ва гIакълу-лъаялда вуго гьев, 12 лъимадул эмен.

Исана «Хъизамалъул сонги» лъазабун бугелъул бокьун буго гьесул хIакъалъулъ дагьабго бицен гьабизе. Гьавуна ГIумар 1934 соналда Гьилиб Советалъул Доронуб росулъ. 10 класс лъугIизегIан цIалана ГIириб гьоркьохъеб школалда. Хадубккунисеб цIали гьабизе рес ккечIо хъизан мискинго букIиналъ. ГIемер хьвадизе ккана эмен ХIантиловгун цадахъ ЦIоралде бетIер бахъиялда хадув. Бицуна ГIумарица инсуцагун цадахъ жидеца тIубараб шагьаргIанасеб бакI банин добаян.

Росульги ГIумар хIалтIи камун хутIулароан, ралаан къедалги, гьарулаан цIулал хIалтIабиги, тIуразарулаан цогидал гIадамазул хIажалъабиги тIадкъаялги. Гьединав вукIиналъ росуцоязги ГIумарил кутакалда адаб-хIурматги гьабула. ГIемерисеб росулъ гьабулебщинаб гьесда дандги бан гьабула. Гьев вуго лъикIав насихIатчиги.

ГIумарица лъадуцагун цадахъ гIезаруна 12 лъимер 4 вас ва 8 яс. Гьесул цо вас цевегIанго нилъедаса ватIалъана, гьесул мунагьал чураги. ХутIарал сахсаламатго руго жиде-жидер хъизамалгун. Гьезулги руго гIезегIан васалги ясалги. Гьездаса вохун ГIумарги вукIуна.

ГIемерал соназда ГIумарица хIалтIизабуна гIемерисезда ахираб заманалда кIочон толеб бугеб лълъел гьобо. Гьесухъе рачIунаан районалъул батIи-батIиял росабалъа гьохъ, ролъ, тIех, тIи ва батIи-батIиял хьонал ххенезе гIемерал чагIи. Гьезул мурадалги гьес ракIбацIцIадго тIуразарулаан. ЦIакъ разиго ГIумарие баркалабиги кьун гьесие щулияб сахлъигун халатаб гIумруги гьарун нахъ руссунги унаан. Гьелдаго цадахъ ГIумарица гIемерал соназда гьабуна росдал мажгиталда дибир-будунасул хIалтIиги. Гьев вуго цIакъго Аллагьасе мутIигIав лагъ. Гьес къуричIого тIуразарула исламалъул рукнабиги. Щибаб ригалда гIадамал какде ахIи бигьаяб ишин кканиги, гьеб бокьарав чиясухъа бажарулеб пиша гуро. Амма ГIумарица рии-хасел абичIого тIубазабуна гьеб ишги.

***ХI. ГIУМАРОВ***

# *Авар кицаби ва абиял*

Бераца бицунеб рекIелъ бугеб жо.

Бералъул гIадаб унтиги гьечIеб, налъулгIан кIудияб ургъелги гьечIеб.

Бергьараб гIорцIичIого, къуралъе бутIа щолареб.

Бергьараб цIуяб жоялдасаги цIунаги, бугьараб мегIералдасаги цIунаги.

Бергьарав – къавутIа, къурав – гIияда.

Бергьарав – тIад, тIамурав – гьоркь.

Бергьаравги къуравги къаденахъе лъала.

Бергьарай чIужу – чIинтIараб балагь.

Бергьарай чIужуялдасаги цIунаги, чIун букIунеб хIамалдасаги цIунаги.

Бергьаралъе – кIиго бутIа, кIарчамалъе – лъабго бутIа.

Бергьарас гьабуларебги къурас хIехьоларебги жо гьечIеб.

Бергьарасда гьоркьаги вахъунарев, къурасда тIасаги вахъунарев.

Бергьарасдаса къалев, къурасде тIаделъулев.

Бергьарасде – къулун, къурасде – рортун.

Бергьарасул – къо, къурасул – сордо.

Бергьарасул ярагъ магIида букIаго, къурасул ярагъ чвархъулеб.

Бергьун чIоларев къун чIолев.

Бергьунгеги гIищкъу къадар хъвачIезул, къун унгеги рокьи рукъ цолъаразул.

Бергьунгеги, къогеги, къацандулел чIогеги!

Бергьунесул къуватаалдаса къолесул хIилла бергьунеб.

БергIанасеб гьан кьуни, бахъизе бер кьелилан абулебила гIанкIуялъ.

Берзуе гIолареб черх бугони щиб, чидай рокьи кьолеб ракI гьечIелдаса.

Бертаде гурони, чед бекизе ккогеги, бокьун гурони, тIутI лъезе ккогеги.

## Аттестат билун буго

Арчиб гьоркьохъеб школалъ 2005 соналда МуртазагIалиев Арсен МухIамадовасул цIаралда къураб аттестат В 00700682 билун букIиналда бан, **гьеб хIакъикъияблъун рикIкIунаро.**

**ЧIАРАДА**
**БетIерай редактор** МухIамадова Земфира Жамалудиновна
**Жавабияв секретарь** Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор** Манарша Расулова
**Корреспондент** ПатIимат АхIмадова
**Редактор-стилист** Аминат ГIабдурахIманова

**Газета гIуцIарал: «ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация**
**Учредитель: Администрация муниципального образования «Чародинский район»**

**Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
**Заказ №____**

**Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 1**
**Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный номер ПИ № 10 - 4666**

**ИНДЕКС: 513 79. Багьа 7 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.**

***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес***